



Pou Piblikasyon Imedya: 05/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AK DEPITE NADLER ANONSE YON ETAP ENPÒTAN NAN  
KAD PWOJÈ CROSS HARBOR FREIGHT LA**

*Tinèl Cross Harbor Rail Freight t ap Redwi Anbouteyaj sou Wout ak Pon,  
Amelyore Kalite Lè a, e Kreye 18,000 Djòb*

*Port Authority ap Envesti Jiska \$70 milyon pou Etid Nivo II sou Efè sou  
Anviwònman an epitou pou Plis Konsepsyon ak Enjenyeri*

*Imaj yo Disponib [Isit la](#)*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Depite Jerrold Nadler te anonse yon etap enpòtan nan kad Cross Harbor Freight Movement Project (Pwojè Transpò Machandiz nan Cross Harbor): Port Authority bay yon RFP pou konsiltan yo ka fè Etid Nivo II sou Efè sou Anviwònman an (Tier II Environmental Impact Study) epi fè planifikasyon avanse ak travay enjenyeri konplemantè. Etid Nivo II a pral eksplòre yon fason apwofondi reyalizasyon yon tinèl pou transpòte machandiz sòti nan yon pò al nan yon lòt, sa yo te idantifye nan Nivo I kòm youn nan solisyon pou redwi gwo anbouteyaj, diminye depandans sou wout ak pon ki ansyen, e rezoud pwoblèm transpò machandiz nan rejyon an, lè yo finalman konekte Vil New York dirèkteman a rezo ray transpò nasyonal la. Tinèl la t ap konekte yon estasyon triyaj ki deja egziste nan zòn Greenville nan Jersey City avèk ray ki egziste deja nan Brooklyn. Port Authority pran angajman pou li bay jiska \$35 milyon pou etid la e li gen jiska \$35 milyon ki disponib anplis pou plis konsepsyon ak enjenyeri.

“New York pran devan osen nasyon an pou pran ka sanzatann defi ki pi gwo e pi konplèks onivo enfrastrikti, e pwojè sa a pral ede nou jwenn yon solisyon ki inovatè, alimaj 21<sup>yèm</sup> syèk la, pou senplifye anbouteyaj e soutni kwasans ekonomik pou jenerasyon k ap vini yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Aprè neglijan plizyè jenerasyon, yon fwa ankò New York ap bati demen, e lè nou envesti nan pwojè transpò dènye kri nan tout eta a, nou ankouraje aktivite ekonomik e ede fè eta nou an vin pi kòdyòm toujou.”

**Depite Jerrold Nadler te deklare,** “Pwojè Tinèl Cross Harbor Rail Freight la, se yon pwojè mwen te soutni pou plis pase 30 lane—depi epòk mwen te nan Asanble Eta a pou jiskaske mwen vin osen Kongrè Etazini—e l ap finalman konekte rejyon metwopolitèn New York la avèk rezo nasyonal ray pou tranpò machandiz; l ap retire kamyon nan lari an e mande pou yo pran wout ki fè pati rezo ray la. Wout sa yo nou pa

sèvi avèk yo ase. Li pral amelyore fason nou transpòte machandiz nan tout rejyon nou an, e l ap benefisye dè milyon de moun sou plan ekonomi, anviwònman, sante, sekirite ak lajan sere. Mwe vle remèsye yon fason espesyal Gouvènè nou an, Andrew Cuomo, ki gen lontan li t ap soutni pwojè sa a. Li se yon lidè ki chèche rezoud pi gwo pwoblèm ki genyen, e mwen gen anpil respè pou sa. Mwen vle felisite Port Authority tou, ansanm ak Administrasyon Otowout Federal la (Federal Highway Administration, FHWA), kowalisyon fonksyonè eli yo, avèk lidè antrepriz ak travay yo, epitou defansè transpò ak anviwònman ki te soutni pwojè sa a depi nan kòmansman. Se grasa a travay san souf yo ki fè nou rive nan etap enpòtan sa a.”

New York City se sèl gwo vil nan lemond ki pa konekte avèk rezo nasyonal ray pou transpò machandiz peyi li. Poutèt pa gen koneksyon enpòtan sa a, se pa kamyon yo transpòte plis pase yon milya tòn machandiz chak ane nan pi gwo rejyon New York la, e yo estime anbouteyaj kamyon sa yo koze ajoute apeprè \$2.5 milya chak ane sou lajan moun peye pou livre machandiz bay konsomatè ak antrepriz. Kamyon transpòte apeprè 90 pousan machandiz, tandiske ray tren transpòte sèlman 2-3 pousan—e pifò machandiz ki rive pa tren yo se yon seri kote ki alwès New York yo rive, kifè se kamyon ki pou mennen yo a destinasyon final yo. Li koute menm kòb la pou transpòte machandiz sòti New Jersey al Manhattan e pou transpòte yo a 805 kilomèt oswa pi lwen toujou nan lòt zòn nan peyi Etazini. Nan 20 ane k ap vini yo, yo atann aske traspò machandiz ki ale vini nan rejyon an ogmante de omwen 37 pousan – sa ki depase de lwen kapasite wout nou yo, e ki ralanti devlopman ekonomik.

Fondamantalman, Tinèl Cross Harbor Rail Freight la t ap ede diminye anbouteyaj sou wout ak pon, amelyore kalite lè a, diminye opresyon, epitou pèmèt machin ak bis dijans yo deplase pi rapid. Li t ap bese pri machandiz yo anpil, ansanm ak lajan moun oblije mete deyò pou fè komès, paske li t ap amelyore efikasite e desann pri livrezon machandiz yo. Li t ap kreye tou yon èkse ki nesèsè nan sistèm transpò enpòtan sa a, kidonk li t ap anrichi yon vilnerabilite sekirite nasyonal. Tinèl Cross Harbor Rail Freight t ap retire 1,800 kamyon nan kafou New York Harbor chak jou oswa yon demi milyon kamyon chak ane.

Tinèl la t ap kreye benefis ekonomik ki t ap transfòmasyon rejyon, tankou paregzanp:

- Kreyasyon 12,500 a 18,000 djòb dirèk
- Kreyasyon 28,000 a 41,000 djòb total (travay endirèk e pwovoque)
- \$1 milya a \$1.5 milya salè dirèk
- \$1.8 milya a \$2.6 milya salè total

Port Authority ak Administrasyon Otowout Federal la te konplete bwouyon Deklarasyon Nivo 1 sou Efé sou Enviwònman an (Tier 1 Environmental Impact Statement), ki te pibliye nan mwa Novanm 2014, epi apre odyans piblik, revizyon ak kòmantè patnè, FHWA te bay yon Dokiman sou Desizyon (Record of Decision) pou Nivo 1 nan mwa Janvyè 2016. Etid Nivo II an pral evalye tou reparasyon pou meyè fonksyonman ray ak debakasyon ki egziste deja yo.

Governor Cuomo ap envesti \$100 milya nan pwojè enfrastrikti toupatou nan New York pou pwomouvwa devlopman ekonomik, kreye djòb, e bay plis opònite. Envestisman sa yo ap pèmèt New York rekonstwi epi modènize wout, pon, rezo entènèt rapid, batiman

piblik, ansanm ak lòt enfrastrikti enpòtan atravè Eta e, an menm tan, bay plizyè milye moun New York travay. Gouvènè Cuomo te lanse pwojè ki te tann twòp e ki te dwe fini deja, tankou paregzanp Tappan Zee Bridge, transfòmasyon ayewopò LaGuardia ak JFK, pwojè Gateway Tunnel ant New York ak New Jersey, epi konstriksyon nouvo Penn Station.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418